



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU GWO LAPLI

"Sèvis Meteyo Nasyonal la te mete ajou previzyon pou Vil New York ak kèk pati nan Long Island ak Hudson Valley pou prevwa yon lòt aswè gwo lapli. Yo prevwa pi gwo to lapli yo ap frape nan moman pifò Nouyòkè yo ap dòmi — apati 4:00 a.m.. Pandan ke gen mwens chans pou nou atenn volim lapli nou te wè semèn pase a, sòl nan Vil New York la te tèlman satire ke nou te ka yon lòt fwa ankò wè inondasyon rapid nan zòn ki gen gwo risk yo. An patikilye, moun k ap viv nan apatman nan sousòl yo ki te inonde nan tan pase dwe touswit prepare yon plan evakyasyon nan ka Sèvis Meteyo Nasyonal la jije li nesesè.

Alòske tanpèt la ap deplase atravè rejyon an, mesaj nou an rete klè: lè w leve demen, rete vijilan, pran prekosyon epi siveye previzyon lokal ou yo anvan ou fè plan pou jounen an. Li enpòtan pou nou travay ansanm pou pwoteje sekirite tout Nouyòkè yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)